**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлими**

**Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎЛЕР: ТАРИЙХ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙЛИК

Қарақалпақстанға мийнети сиңген
илим ғайраткери, тарийх илими кандидаты
Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына бағышланған
илимий-әмелий конференция

## МАТЕРИАЛЛАРЫ

Нөкис
«Илим»
2023

УОК 008(575.172)+94(575.172)
КБК 63.3(5Қар)
Қ50

*Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик // Республикалық илимий-әмелий конференция материаллары. ӨзРИАҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты. Нөкис: «Илим» баспасы, 2023ж., 132 б.*

Топлам Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Илимий Кеңесиниң (2023-жыл, 10-апрель күнги №3-санлы баянлама) қарарына тийкарланып Қарақалпақстан Республикасының этнография илимине өз үлесин қосқан Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, тарийх илими кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығы мүнәсибети менен шөлкемлестирилген «*Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик*» атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференция материаллары.

***Бас редактор:*** *Қарлыбаев М.А.*
***Жуўаплы редактор:*** *Курбанова З.И.*
***Таярлаўшы:*** *Сайтов А.Т.*

*Топламда берилип атырылған материаллардағы мағлыўматлардың ҳәм мазмунының дурыслылығына авторлар жуўапкер, олардың пикирлери редакцияның пикирлери болып есапланбайды.*

ISBN 978-9943-8869-6-4
© «Илим» баспасы, 2023ж.

## ЗЕРГЕРЛИК БУЙЫМЛАРЫНДАҒЫ НАҒЫС МОТИВЛЕРИ

*Д.А. Кудайбергенова*
*ӨзР ИА ҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер*
*илим изертлеў институти докторанти*

Өнерментшилик буйымлары ҳәр бир халықтың күнделикли турмысының қурамлық бөлеги сыпатында, әсирлер даўамында қәлиплесип, раўажланып келген миллий қәдириятларды өзинде жәмлестиреди. Ески өнерментшилик түрлеринен бири болған зергерлик буйымларындағы формалар, безек ҳәм нағыслар тәбият қубылыслары ҳаққындағы символлардың умытылған тәреплерин арадан бир неше ўақытлар өтиўине қарамастан өзинде сақлап қалыў қәсийетине ийе. Буннан тысқары, тағыншақларда келтирилген нағыслар қандайда бир форма ямаса көринислер болып қалмастан әҳмийетли этнографиялық дерек сыпатында халықтың диний исеним ҳәм елеслери менен тиккелей байланыслы болады. Зергерлик буйымлары ҳәр түрли спектордағы мағлыўматларды тасыўшы дерек ҳәм олардың эстетик гөззалығы арқасында мәлим бир мәни-мазмун белгилери жатады. Өз нәўбетинде олар исламға шекемги ҳәм исламнан кейинги культ идеяларды өзинде сәўлелендиреди. Дүньяны бундай қабыл етиў ҳәм бундай көзқараслар халықтың декоратив көркем-өнеринде сәўлеленип ҳәм қәлиплесип барады. Өз өнимлерин жаратыўда өнерментлер әтираптағы ҳақыйқый дүньядан өзине керек мотивлерди алады. Зергерлик буйымларындағы нағысларда инсаният өз өтмишиндеги көзқарасларды, туйғы-сезимлерди ямаса эстетикалық идеяларды көриў мүмкин ҳәм бул өз гезегинде әййемги жәмийеттиң ҳәр бир ағзасы ушын түсиникли болған ҳәм философиялық пухта ойланған системаны сәўлелендириўши қандайда бир схематикалық формалар ҳәм белгилер көринисинде пайда болған (Давлатова, 2019. 208 б).

Қарақалпақ зергерлик буйымларында терең мәни ҳәм мазмунды өзинде сәўлелендирген нағыслаў өнериндеги мотивлер ҳәм композициялар айрықша әҳмийетке ийе. Нағыслар қарақалпаклар турмыс тәризине соншелли кирип ҳәм сиңип келген, оны

материаллық мәдeният объектлеринен бөлек үйрениў натуўры болады (Жданко, 1958. 377 б). Өз нәўбетинде қарақалпақ зергерлик буйымларында қолланылатуғын нағыслардағы тийкарғы мотивлер А.Алламуратов (Алламуратов, 1977. 29 б) мийнетинде классификацияланған өсимлик, зооморф, геометриялық ҳәм предметлер көриниси, мотивлери менен тиккелей байланыслы. Ҳәр бир мотив бир-бири менен байланыслы, яғный зергерлер тәрепинен тағыншақлар безелгенде олар өз-ара бириккен ҳалда қандайда бир композицияны-комбинацияны жаратады ямаса ўақыттың өтиўи менен «эволюцияға» ушыраған жағдайларды пайда етеди.

Қубла Арал бойы аймағында ислам дининиң тарқалыўы халықтың нағыслар әлеминен антропоморфлық мотивлердиң жоқ болып, зооморфлық мотивлердиң стиллесип кетиўине, гүл, яғный өсимлик нағыслардың ҳәм эпиграфиканың көбейип раўажланыўына тийкар салды (Уразимова ҳ.б., 2019. 44 б). Әзелден бар мотивлер менен бир қатарда қарақалпақ зергерлик буйымларын белги-символлар ҳәм араб имласы келтирилген нағыслар да айрықша ҳәм кең түрде безеп барады. Белги-символлар – нағыслаў өнериндеги ең архаикалық қатламлардан бири болып, олар тийкарынан әййемги диний исенимлер, аспан денелери ямаса аўыл хожалығы культлери менен байланыслы болып келеди (Хакимов, 1977. 11 б). Нағыслаў өнеринде символлар универсал эстетикалық категория болып, бир тәрептен көркем-өнер образларын ашып берсе, екинши тәрептен белги ҳәм аллегориялар менен салыстырыў имканын береди (Умарова, 2009. 22 б). Айырым жағдағдайларда белги-символлар тосыннан ямаса жоқ жерден пайда болған, олардың келип шығыўы әййемги дәўирлерге барып тақалып, әсирлер даўамында көринисин сақлап қалған болыўы мүмкин, бирақ тийкарғы мәниси өзгерип барған болыўы итимал.

Белги-символлар мотивлери арасында аспан денелери символикасы сәўлеленген тағыншақлар айрықша мәни билдиреди. Тағыншақлардағы ай, қуяш, нур ҳәм жулдызлар стиллестирилген ҳалда сүўретленген нағыслар ямаса формалар буған айқын мысал бола алады. Ҳәр түрли дәўирлерде бар болған барлық символ-белгилер өз дәўиринде ҳүкимран болған исенимлерге байланыслы болған ҳалда семантикалық мәниге ийе болады ҳәм өз нәўбетинде мәлим бир ўазыйпаны да атқарып келген.

Бүгинги глобалласқан заманагөй әлемде форма ҳәм нағыслары аспан денелериниң сахна көринислери менен безетилген, көбинесе ҳаял-қызлар тәрепинен кең пайдаланылып киятырған «жулдызлар болжаўы» (гороскоп) сәўлеленген тағыншақлар (әсиресе сырға, кулон ҳәм брош) символлық мәнилер менен толықтырылған. Көбинесе батыс халықлары мәдениятына тән болған бундай нағыслаў, безек үлгилери бүгинги күнге келип Орта Азия халықлары арасында да кең тарқалған. Олар қуяштың жыллық ҳәрекети шеңбериндеги он еки жулдызлардың атамалары болып, ҳәр бир көринис өз алдына белги ямаса символлық мәнини пайда етеди. Бүгинги күнде бундай көринистеги тағыншақлар «әўмет келтириўши» ямаса «ийесиниң туўылған ўақтын көрсетиўши» белги сыпатында ҳаял-қызлар тәрепинен тағылып келинеди.

Араб имласи келтирилген мотивлер ислам дини кирип келгеннен соң тағыншақлар арасында кең тарқалды. Имла көринисиндеги нағыслар түсирилген тағыншақлар көпшилик жағдайда ийеси ҳаққында мағлыўматлар береди ямаса Қураннан келтирилген сүрелер, аятлар менен безетилген болады. Олар тийкарынан куфи ҳәм насх имлаларында келтирилген. Буннан тысқары, ҳаяллар дәстүрий кийимлериндеги тағыншақлар арасында қосымша детал сыпатында қолланылатуғын *хантенге*лерге де араб имласы түсирилген.

Олар да өз гезегинде кишкене балалар ҳәм ҳаяллар кийимлеринде көзден, тил-суқтан сақлаўшы тағыншақ бөлеги ретинде алып қаралған.

Қарақалпақ нағыслаў өнериниң пайда болыўы өз алдына әҳмийетли қубылыс, бул жәҳән көркем-өнери мийрасында айрықша орын тутады. Нағыслар, бир қанша әўлад тәжирийбелерин өзинде жәмлеген ҳәм олардың руўхый улыўмалық аўҳалын сәўлелендириўши әййемги белги-символлар системасы болып есапланады. Жоқарыда келтирилген ҳәр бир мотив пүтин бир композицияны пайда еткен ҳалда зергерлер тәрепинен тағыншақларға түсирилген. Ямаса ҳәр бир мотив бир-бири менен тығыз байланыслы десек туўры болады. Соның менен бир қатарда ҳәр бир мотивтиң идеологиясы, үрп-әдет, диний ҳәм дүньялық көз қараслардағы орны әййемги ата-бабалар мийрасларына барып тақалады. XX әсирлерге келип көпшилик нағыслардың мәниси, колланылыўы өзгерген ямаса умытылған болса да, олардың айрымлары ҳәзирги күнге шекем жат көзлерден қорғаўшы, тил-суқтан сақлаўшы белги-символлар ретинде пайдаланылып атыр.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

Алламуратов А. Каракалпакская народная вышивка. Нукус. 1977.

Давлатова С.Т. Ўзбекистоннинг жанубий худудлари анъанавий ҳунармандчилиги тарихий жараёнлар контекстида. (XIX асрнинг 2 ярими XXI аср бошлари). Тарих фан. док. (DSc) дисс., 2019.

Жданко Т.А. Народное орнаментальное искусство каракалпаков. Труды ХАЭЭ. Том III. Москва, 1958. 373-410 бетлери.

Умарова З.Х. История развития ювелирного искусства таджиков (V-начала XX вв.). Автореф… дис. канд. ист. наук. Душанбе, 2009.

Уразимова Т.Б., Курбанова З.И., Уразбаева З.К. Қарақалпақ нағыслаў өнери. Нукус, 2019.

Хакимов А.А. Изобразительно-орнаментальные образы и мотивы прикладного искусство Мавераннахра IX-нач. XIII вв. к проблеме изучения художественного ремесла Средней Азии. Автореф… дисс. канд. иск. наук. Москва,1977.

**МАЗМУНЫ**


I. Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ИЛИМИЙ ИСКЕРЛИГИ ҲАҚҚЫНДА ........ 3

Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ИЛИМИЙ ИСКЕРЛИГИ........ 3

Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ТИЙКАРҒЫ ИЛИМИЙ МИЙНЕТЛЕРИ........ 4

*Ж. Айтмуратов* - МИЛЛЕТ ЗИЯЛЫЛАРЫН АРДАҚЛАҒАН АЛЫМ ........ 12

*М.М. Давлетияров* - Х.ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ЭТНОГЕНЕЗИ ҲӘМ ЭТНИКАЛЫҚ ТАРИЙХЫ МӘСЕЛЕСИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ ........ 14

*А.Р. Қудияров* - ҚАЛА ТАРИЙХЫН ИЗЕРТЛЕЎШИ........ 17

*З.И. Курбанова* - ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ФОЛЬКЛОРНЫХ МАТЕРИАЛОВ В ТРУДАХ Х. ЕСБЕРГЕНОВА ........ 21

*С.У.Нуржанов* - КЛАССИФИКАЦИЯ ИСТОЧНИКОВ ИСТОРИЧЕСКОГО КРАЕВЕДЕНИЯ (НА ОСНОВЕ «ҚОҢЫРАТ ТАРИЙХЫЙ ҲӘМ МӘДЕНИЙ ЕСТЕЛИКЛЕРИ» Х.ЕСБЕРГЕНОВА)........ 23

*Н.А. Тлеубергенова* - ВОПРОСЫ МАТЕРИАЛЬНОЙ КУЛЬТУРЫ КАРАКАЛПАКОВ В ТРУДАХ Х. ЕСБЕРГЕНОВА ........ 26

II. ЭТНОГРАФИЯ, ЭТНОЛОГИЯ, АНТРОПОЛОГИЯ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 29

*М.А. Абдуллаев* - МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ҚОРАҚАЛПОҚЛАР ЭТНОЛОГИЯСИ ТАДҚИҚИ........ 29

*У.К. Абсетерова* - ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ СУЎСЫЗЛЫҚ ЖЫЛЛАРЫНДА ҚОЛЛАНҒАН ҮРП-ӘДЕТЛЕРИ........ 32

*Г.А. Акимниязова* - КАРАКАЛПАКСКИЕ БАЗАРЫ НАЧАЛА XX ВЕКА КАК КУЛЬТУРНО-РАЗВЛЕКАТЕЛЬНЫЕ ЦЕНТРЫ ........ 34

*А.Е. Бижанова, А.Ж. Дауесова* - СЕМАНТИКА ПОМИНАЛЬНЫХ ДАТ В ТРАДИЦИОННОЙ КУЛЬТУРЕ КАЗАХОВ ........ 37

*T.R. Jabbarbergenov* - XX ÁSIR JERGLIKLI IZERTLEWSHILERDIŃ MIYNETLERINDE QARAQALPAQ JASLARÍNÍŃ BOS WAQÍTÍ ........ 40

*G. Joldasbaeva* - KELIN TAŃLAW HÁM OL MENEN BAYLANÍSLÍ DÁSTÚRLER ........ 42

*Р.А. Исметов* - МУҚАДДЕС ОРЫНЛАРҒА ҚОЙЫЛҒАН АЙЫРЫМ АТАМАЛАР ТАРИЙХЫ ........ 45

*Р.С. Камалова* - СОВРЕМЕННАЯ ТРАДИЦИОННАЯ ОБРЯДНОСТЬ: ПРАКТИКА, ФАКТОРЫ И ТЕНДЕНЦИИ (НА ОСНОВЕ СВАДЕБНОЙ ОБРЯДНОСТИ)........ 48

*З.И. Курбанова* - КУЛЬТУРА ПИТАНИЯ КАРАКАЛПАКОВ ПОД ВОЗДЕЙСТВИЕМ ГЛОБАЛИЗАЦИОННЫХ ПРОЦЕССОВ ........ 51

*Д.А. Кудайбергенова* - ЗЕРГЕРЛИК БУЙЫМЛАРЫНДАҒЫ НАҒЫС МОТИВЛЕРИ... 54

*И.М. Нурмухамедова* - ПЕРВАЯ РУБАШКА МЛАДЕНЦА «*ИЙТ КӨЙЛЕК*» У КАРАКАЛПАКОВ ........ 56

*Ә. Қ. Пахратдинов* - КИНДИК ШЕШЕ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ ДӘСТҮРЛЕР........ 60

*А. Пирназарова* - И.В. САВИЦКИЙ АТЫНДАҒЫ МУЗЕЙ ЭКСПОНАТЛАРЫНЫҢ ЖЫЙНАЛЫЎ ТАРИЙХЫНАН........ 63

*З. Раҳмоналиев* - ЯНГИ ТАРАҚҚИЁТ БОСҚИЧИДА ЭТНОС ВА МИЛЛАТ ТУШУНЧАЛАРИ........ 66

*А.Т.Сайтов* - ПРИМЕТЫ И СУЕВЕРИЯ У КАРАКАЛПАКОВ, СВЯЗАННЫЕ С РЫБОЛОВСТВОМ ........ 69

*О.С. Сейтмуратов* - ПАСТУШЕСКОЕ РЕМЕСЛО У КАРАКАЛПАКОВ ........ 71

*С. Ш.Таджетова* - ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ТУРМЫСЫНДА «КЕЛИН» СТАТУСЫ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ҚЫЗ-БАЛА ТӘРБИЯСЫ ........ 74

*К.Ж. Турекеев* - ОБЫЧАИ И ОБРЯДЫ КАРАКАЛПАКОВ САМАРКАНДСКОЙ ОБЛАСТИ, СВЯЗАННЫЕ С РОЖДЕНИЕМ РЕБЁНКА (НА МАТЕРИАЛЕ БУЛУНГУРСКОГО И ДЖАМБАЙСКОГО РАЙОНОВ) ........ 77

*М.Б. Утебаев* - ПЕРСПЕКТИВЫ КРОСС-КУЛЬТУРНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ В КАРАКАЛПАКСТАНЕ ........ 81

*М.И. Ходжанов* - ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН ЎЗБЕКЛАРИНИНГ СОВЧИЛИК УРФ-ОДАТЛАРИ ........ 84

*Г.М. Хожаниязова* - ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА ӨЗ-АРА ЖӘРДЕМ ДӘСТҮРИНДЕ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАРДЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ ........ 87

*G. Sharjaubayeva* - QARAQALPAQSTANLÍ KOREYSLERDIŃ AYÍRÍM SHAŃARAQLÍQ MÁRESIMLERI ........ 89

*М.Ж.Эгамберганова* - ЭТНИК ИДЕНТИКЛИК ТУШУНЧАСИНИНГ ЭТНОЛОГИЯ ФАНИДАГИ АҲАМИЯТИ ........ 91

*Б.Ж. Юсупова* - ҚАРАҚАЛПАҚ ҚОЛ ӨНЕРИ: АҒАШҚА НАҒЫС ОЙЫЎ МӘСЕЛЕСИ МУЗЕЙТАНЫЎ ҲӘМ ЭТНО-АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ НӘЗЕРИНДЕ ........ 94

III. ЭТНОГРАФИЯ ҲӘМ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕРДИҢ ИНТЕГРАЦИЯЛАСЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 97

*А.Т. Бекбаулиев* - НЕКОТОРЫЕ ИТОГИ ИЗУЧЕНИЯ КУВШИНОВ С ГОРОДИЩА КУРГАНЧА (КОБЛАНДЫ-КАЛА) ........ 97

*З.У. Бекбергенова* - Ә.ӘЖИНИЯЗОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ТОПОНИМЛЕРДИҢ ТУТҚАН ОРНЫ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ ........ 101

*A.Ó. Gúlimbetov* - XIX ÁSIR EKINSHI YARÍMÍ XX ÁSIR BASLARÍNDA QUBLA ARAL BOYÍ SAWDA HÁM EKONOMIKASÍNÍŃ TARIYXTANÍWSHÍLÍǴÍ MÁSELESI ........ 104

*О.Т.Доспанов* - АРХЕОЛОГИЯ, ЭТНОГРАФИЯ МАТЕРИАЛЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ГЕЙПАРА САЛТ-ДӘСТҮРЛЕРИН САЛЫСТЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 106

*Т. Қ. Жәримбетова* - ҚАРАҚАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА КӨРКЕМ-ҲҮЖЖЕТЛИ ШЫҒАРМАЛАРДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ СҮЎРЕТЛЕЎЛЕР ........ 110

*М.И. Ниязова* - К ВОПРОСАМ ЭТНОАРХЕОЛОГИИ / МАСТЕРСКИЕ ЮВЕЛИРОВ ПОЗДНЕСРЕДНЕВЕКОВОЙ БУХАРЫ ........ 113

*П.Ж.Өтениязов* - ХАЛЫҚ ЕРТЕКЛЕРИНИҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ДЕРЕКЛЕРИ ........ 115

*К.С. Палымбетов, О.Ж. Юсупов* - ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНО-ДӘСТАНЛАРЫ: ӘМИР ТЕМУР ТАРИЙХЫЙ ТУЛҒА ҲӘМ ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ОБРАЗ ........ 119

*Г.У. Сейдаметова* - ГОРОДСКАЯ СЕМЬЯ И ОСОБЕННОСТИ БРАКОСОЧЕТАНИЯ В КАРАКАЛПАКСТАНЕ В 1960-1980 ГОДЫ ........ 122

*С. Ә. Сулайманов* - ҚУБЛА АРАЛ БОЙЫ ДӘСТҮРИЙ ҚАТНАС ЖОЛЛАРЫНДА СУЎ ЖОЛЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ ........ 125

*B.U.Temirxanov* - GÁREZSIZLIK JÍLLARÍNDA QARAQALPAQ DIYQANSHÍLÍQ ILIMIY-IZERTLEW INSTITUTÍ ILIMIY JOYBARLARÍ ESABATÍNAN ........ 127

**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлими**

**Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎЛЕР: ТАРИЙХ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙЛИК

Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери,
тарийх илими кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына
бағышланған илимий-әмелий конференция

**МАТЕРИАЛЛАРЫ**

**Редактор:** А.И. Алниязов
**Верстка:** В. Султангулова

**Basıwǵa ruqsat berilgen waqtı 05.05.2023 j. Format – 60/84 $^{1}/_{16}$.**
**“Times” garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 8,25 b.t.**
**Nusqası 100 dana. Buyırtpa №14-22/K**

**«Miraziz Nukus» JShJ baspaxanasında basıldı**
Ózbekstan Respublikası baspa sóz hám xabar agentliginiń
2018-jıl 16-maydaǵı № 11–3059 licenziyası.

ISBN 978-9943-8869-6-4
9 789943 886964